

KAPITAAL.

Wonten ing taman Sw.-Tm. no. 44 koela sampoer matoer, bilih kangen babagan dadamel makaten kedah tansah gagaoetan kalijan babagan dadagangan. Lan minangka kangen saroedjoek ater koela poenika, ing riki roemijnipoen koela badé ngatoeraken keterangan sawatwes, kangen babagan: kapitaal.

Mengah temboeng: kapitaal makaten wonten ing babagan dadagangan ateges goengoenging aospoer gagaduhanipoen lan arta, ingkang pantjen namoeng kapidjekaken kalmahaken kangen dagang. Jén wonten ing boekhouding, temboeng: kapitaal tjekek saking temboeng: handelskapitaal, ateges: (Activa + Debiteuren + Kasgeld) - Passiva*) = kapitaal.

Wondén jén wonten ing babagan dadamelan, temboeng: kapitaal, wah, katah sanget tjéngkokipoen, katah sanget tebanipoen.

Jén mitoeroet para burgelike econoom, ingkang kenging kawastanan: kapitaal inggih poenika namoeng: jajasan-jajasan ingkang kenging kapigoenakaken, kangen srana ngoepados indaking pamedal.

Toemraping jajasan-jajasan ingkang kapigoenakaken makaten, maenoet kangenipoen, kenging kapérange dodos kalah, inggih poenika:

- a. Jajasan ingkang namoeng mligi kapigoenakaken kangen dadamelan barang-barang ingkang dodos kabetahaning oemoem, kados oepaminipoen: pabrik;
- b. Jajasan ingkang kasedijkaken kangen oemoem, oepami: kanaal, margi sepoer l.s.p.

Mengah kangen jajasan kados ingkang kasbat ing poenika kenging kawastanan oegi: individueel oetawi privaat kapitaal, dénéing b: maatschappelijk kapitaal.

Dados kados oepaminipoen:

Kakabaraken, bilih dèréng dangoe poenika ing Park-avenue (New-York) Amerika, dipoenegi hotel ingkang ageng pijambal kangen inga-Amerika, kanamakaken: Waldorf-Astoria, lotengipoen soengsen 47, isi kamar 2200, wragad telas 40 millioen dollar. Lha, hotel poenika kenging kawastanan maatschappelijk kapitaal.

Mengah ingkang gadah ada jasa hotel waoe president Hoover, wragad kapikoele déning tijang kirang langkoeng 5 éwoe.

Manga koela atoeri mriksani! Kados makaten lan samanten poenika: wontening tradjangipoen actie tjp Amerika, kekijatan lan sentosaning actie tjp Amerika. Sadajining ada tertamoe katindakaken, saged énggal kalmahaken toer katingal jén njata dipoensentosani ésto. Jén boten kijat katindakaken pijambal, ladeng katindakaken sarengan.

Actie tjp Amerika mila katah ingkang katingal kentjeng, santosa, kengkeng lan ngébad-édabi. Ing samangsia gadah kakadjengan, gadah ada, tertamoe katindakaken kanti boten adjirih kangélan, boten adjirih loewé, boten éman mboetjal wragad lan boten kendak, boten ngréwés dateng pamenggak lan panjédaning sanés, ingkang wosoipoen namoeng asemoe ngéjté, ngina oetawi koewatos jén koengkoelan. Dados tjekek alos kenging kabasakaken moendoer oentjeg. Tjobi mangga koela atoeri nggalih.

Para student ing New-York mèh langkoeng saking 50% ingkang katoeptan wragad kangen sinaoe, ingkang pantjenipoen boten saged neroesaken. Nanging sanadjan makaten meksa taksih teroes kémawon, ngantos anggénipoen padas arta dipoenréntjangi: ngawontenaken cursus-cursus, dolanan strijkjes lan orkesten, dados sopir, njadé koran wonten ing margi, dados agent ing verzekering l.s.p.

Bokmanawi pandjenengan sampoer maos kabaripoen, kados-poendi mengah kekendelan, kanékatan lan pamberoengipoen tradjanging journalisten lan photographen ing samangsia wonten karaméjan oetawi tamoe saking mantja, anggénipoen sami njelak-njelak, takén-takén oetawi motrét, sami areboet doetjoeng; kados nalikanipoen Laval, premiering Perantjis, ngantik boewana Amerika (Oktober ingkang kapengker poenika). Lan sanés-sanésipoen mali.

Ingkang makaten, mila inggih boten nama nggoemoenaken, bilih koran-koran lan kabar-kabar ing rika kerep tjieloek-tjieloek. Ing taon poenika tjetjahipoen tijang ingkang gadah patent samanten éwoe; para golongan anoe badé jasa

anoe, wasana ing wekdal kalih diten tjiandakipoen sampoer saged kalmahaken madeg; poen anoe misoewer anggénipoen anoe. . . .

Njoewoen pangapoeten anggén koela keplantrang bab Amerika poenika!

Sapoena mangga neroesaken atoer koela bab kapitaal waoe.

Para gegembonging communist saking pinten-pinten tanah, dèréng dangoe poenika kakabaraken sami sarembag lan ésto sampoer kalmahaken saged ngedekaken pabrik montor, doenoengipoen wonten ing Nijni Noogorod, Rusland, lan karrantjang saben taoenipoen kedah saged ngedalaken montor 150 éwoe. Lha, kangenipoen pabrik poenika kenging kawastanan: individueel oetawi privaat kapitaal.

Saben sataoen montor 150 éwoe! Poenika koela atoeri nggalih roemijn! Kados makaten lan samanten tradjanging para communist anggénipoen tansah badé adamel risaking donja economie ngamantja, srana ngedjori, ingkang soepados ladeng saged ngawontenaken "overproductie", oetawi malaise. Lha, kangen mangka mitoeroet pakabaran: kangen rosan, kangen tatanén sanésipoen, dadamelan, pamelikan Roeslan inggih badé ngedjori.

Dados actie tjp Roeslan, actie ingkang kapandjungan éblis, actie ingkang tansah badé ngrisak katemtreming donja, anggénipoen dadamel risaking donja economie, saja dangoe boten kendak, nanging mala katingal saja dipoensantosani.

Pramila jén kita boten tansah awas, moelat, sijaga, pépéka, bokmanawi boten nama mokal, bilih ladeng klebetan „ngélmé ngrisak.“ Kang mangka jén ngantos makaten wah, ndrawasi sanget, mbabani sanget, kados ingkang sampoer katalan ing kita Boedapest, Spanje, Tjina, Mexico.

(Badé kasambet).
Widyantâ C. C. Djakarta.

OERAP-SARI.

INDONESIA.

G. G. karsa njoeda 5% ning blandjanipoen.

Manoet Aneta, Minister djaduhan Padoeka Toewan de Graaf ngandika wonten ing Tweede Kamer, bilih Ingkang Witjaksana G. G. Jhr. De Jonge karsa njoeda 5% ning blandjanipoen.

Pensiöen warandaning Indonesier kawoela Nagari.

Pandji Poestaka saged martosaken jén wiwit 1 Djanowari 1932 poenika sadaja kawoelaning Nagari golongan kakoeng bangsa Indonesia ingkang sampoer teteping damel, sarta blandjanipoen sawoelan langkoeng saking f 50, kecadah mbajar kontribusi 5% ning bajar. Poenika toemrap ingkang sampoer krama lan ingkang dèréng. Toemrap ingkang sampoer krama, kecadah tambah kontribusi 5% ning kah, katahipoen sami kalian blandjanipoen sawoelan, poenika kedah dipointitjil saben woelan oeroet-oeroetan salebetipoen tigang taoen oetawi mèh 3% sawoelanipoen.

Mengah perloenipoen, samangsia prijantoen waoe pantjal donja, sémahipoen angsal pënsioen. Salebetipoen 6 woelan kedah katerangaken sémah ingkang wenang angsal pënsioen waoe.

Katahing pënsioening randa wonten 18% ning blandja wekasan ingkang katampi déning ingkang djaler, sakedik-kedikipoen f 9 (= 18% × f 50) sarta katah-katahipoen f 200.

Margi wontening pranatan poenika, para prijantoen ingkang blandja f 50 minggah, blandjanipoen tjalon soeda 18%, inggih poenika 10% margi pangiridan, 5% kontribusi limrah sarta 3% kontribusi ningkah.

Awratipoen awrat, nanging saéniplen déné sémah samangsia sampoer katilar, wonten ingkang dipeendjagékaken, awit doemoeginiipoen samangké sémah prijantoen poenika katah ingkang boten gadah akte, ingkang kenging kangen njambotendamel wonten kantor oetawi moelang, badié bebakoelan, lingsem. Kadjiwi poenika asring kedah ngoepakara poera katah.

Ratoe-adil.

Manoet serat djangka oetawi Djajabaja, ingkang saking panganggepiopoet tetjeng katah ngemot patetjanipoen Djajabaja saestoe, ing tanah Djawi badié wonten Ratoe-adil. Serat Djajabaja poenika bokmanawi damelan énggal, tandanipoen ing ngrikoe njebataken kitab Moesrar, dados sampoer djaman Islam. Temboeng Kartaséra oegi sampoer wonten, tanda tambahan énggal. Bab windoe-windoe kerep dipoenontan-santoeni amargi pam-

tjan boten tjetjog. Éwasamanter taksih katah ingkang ngandel dateng wontenipoen Ratoe-adil. Malah dèréng lami poenika ing Tjalamadoe (Bajalali) wonten tiang doesoen ngaken Ratoe-adil. Moeridipoen wonten ingkang tjalon kadadosaken patih lsp. Samangké sampoer katjepeng déning poelisi.

Ing Pangkalpinang oegi wonten satoenggiling Walandi Indo boetjalan saking Oengaran, Semarang. Kaboetjal margi ngaken Ratoe-adil. Samangké wonten ing boetjalan Pangkalpinang ngaken Ratoe-adil malih, perloenipoen padas arta. Katah tiang ingkang nginten jén piambakipoen bangsa darah Djawi. Poenapa prakawis poenika karembag déning ingkang wadib, dèréng terang.

Onderwijs.

Sedyâ-Tama martosaken: Anggénipoen ngawat-awati pangadjaran kangen bangsa Indonésia ing wekdal samangké makaten:

I. Kadjiwi hoofdschoolopziener lan opzienier ingkang katahipoen kados ingkang katamtakaken begroting, badié amapanaken:

- a) Inspecteur wonten ing algemeene dienst ing Betawi.
- b) Inspecteur gangsal.

c) Inspecteur wakilan woloe. Panpanipoen inspecteur ing a) kalian b) waoe badié katetepaken déning departement.

II. Indonésia kapérang dados 5 inspektie, inggih poenika:

golongan 1e: poelo Soematra kalian Riau Banka, Blitoeng toewin Borneo kilen.

gol. 2e: provinsie Djawi-kilén.

gol. 3e: provinsie Djawi-tengah kalian Ngajodja lan Soerakarta.

gol. 4e: Djawi-wétan, Bali lan Lombok.

gol. 5e: Bornéo kidoel wétan, Menado, Moloko Timoer.

Prangko dana.

Wiwit woelan Désèmber poenika Nagari kedjiwi sadé prangko limrah, sadé prangko dana kangen mitoeloengi „Witte Kruis Kolonie“ ing Salatiga jasanipoen pandita Protésitan toewan Van Emmerik.

Manoet Bahagia tjetjahing prangko waoe:

3386600 regi 2 sén kasadé 3 sén.

23400 regi 5 sén kasadé 7½ sén.

4425000 regi 12½ sén kasadé 15 sén.

241900 regi 15 sén kasadé 20 sén.

Jén wonten sadérèk golongan kita badié toembas kenging kémawon, awit toedjoenipoen arta dana poenika kangen noeloengi tijang Djawi (Indonesia) ingkang wonten ing ngrikoe sarta sami nandang kamilaratan.

A.M.S. tiga dados satoenggal?

Dèréng lami wonten kabar A.M.S. Bandoeng badié kapindah dateng Sala kagamblokaken A.M.S. ing ngrika, perloenipoen ngirid wragad, amargi A.M.S. Bandoeng poenika ngrembag kasoesastran kina kilénan, sarta A.M.S. Sala ngrembag kasoesastran kina wétan.

Énggal-énggal poenika wonten kabar jén A.M.S. Bandoeng lan Sala badié kapindah ing Ngajodja, kagamblokaken A.M.S. Ngajodja ingkang ngrembag wiskunde.

Wanita R.K. Indonesia wiwit politik!

Ag. Gondorijo martosaken: P.P. K.D. Djakarta sampoer kelamphahan nampi warga énggal wanita kakanlih: Rara A. Soemirah lan Wara R.A. Manggoensoedira. Sarta anggénipoen loemebet waoe kanti sampoer priksa tjetja, jén P.P.K.D. poenika pakempalan politiek, dédé social. Kados saweg sapisan poenika wonten wanita R.K. Indonesia nglebeti kalangan politiek. Lalampahan poenika pantes katjat lan kagag.

Pakempalan Katoelik ing Djakarta wewah satoenggal.

Saking Djaka Gondangdia: Nembé poenika; mak djenggeleg, madeg malih P.M.K.D. (Pakempalan Moeida Katholiek ing Djakarta). Lan poenika sampoer nggadahi papan piambak wonten ing Gang Museum (K. Sirih).

Déné toedjoeaniopoet P.M.K.D. poenika, badié nggegesang kunst kita Djawi lan oegi badié ngadjengaken bab babagan Coöperatie. (Mrixanana "Film Djakarta" dienten poenika. Red.)

Béndjing poenapa sagedipoen lair W.K.?

Dinten ageng Kerstmis ing Sala.

Béndjing Kertmis poenika ing Sala wonten Koerban Mis Soetji djam 12 daloe 2 panggénan. Kangé sadérèk Katholiek Welandi wonten ing Gréja, déné kangé sadérèk Djawi manggèn wonten kamar dolan pa-moelangan Welandi. Mila kadamel 2 panggénan, ngéngerti aliting Gréja ingkang boten njekapi manawi kadasaken satoenggal.

WATJA

KANGGÉ SANGOE DÉSÈMBERAN.

Saking poendi-poendi panggénan koela mireng pangresoe-lanipoen goeroe-goeroe Katoelik goepermènan, amargi ing mangsa Kerstmis boten saged angsal prèi.

Samangké sampoer njata, jén para ambtenaar ingkang boten nglilani njoewoen prèi waoe, moengel nganggé wewaton serati-poent Pastoer C. Ruygrok.

Dateng para ambtenaar waoe koela matoer makaten:

Toewan Inspecteur van het Inl. Onderwijs in het 5e ressort, ingkang sampoer tindak, sampoer naté njoemantakaken panjewoanipoen satoenggiling goeroe Katoelik, ingkang njoewoen prèi ing dienten ageng Kristen, dateng Pastoer Ruygrok.

Prakawis maringi prèi ing dienten ageng Kristen poenika sampoer wonten pranatan saking Nagari. Jén badi négesi kadijengipoen pranatan waoe, boten badié wonten ambtenaar ingkang takèn dateng Pastoer.

Déné manawi meksa takèn, poenika namoeng badié kepéngin soemerep, koewadjiban poenapa kémawon toemrap tijang Katoelik ing sawenéhing dienten.

Pramila Pastoer Ruygrok anggénipoen mangsoeli inggih namoeng partikeliran kémawon.

Wangsoelanipoen Pastoer Ruygrok waoe:

Bilil tijang Katoelik ing dienten 1 Januari, Djoemoewah Adi, (Goede Vrijdag), 2 de Kerst-, Paasch- lan Pinksterdag boten dipoenwadibaken ndérèk Mis Soetji.

Kadjiwi poenika wangsoelan waoe ngewrat antjer-antjer oemoem, ingkang kenging kangen netepaken, jén poenapa tijang Katoelik boten kawadibaken ndérèk Mis Soetji ing dienten ingkang langkoeng ageng kalian dienten ageng kaseboet.

Koela taksih ngangseg njoewoen keterangan malih bab prakawis prèinan poenika. Pastoer Ruygrok ngandika makaten:

Bilil serati-poent kok kakintoenaken dateng Inlandsche School commissie perloe kangé patokan; mangka prakawis poenika pandjenengnipoen boten dipoensoekani soemerep.

Bilil pandjenengnipoen boten njeboetaken ing serati-poent 1ste Kerstdag.

Bilil njoekani prèi ing dienten ageng Kristen poenika sampoer dipoenpranata déning Nagari, ingkang manawi soemedya ngéwahili pranatanipoen, boten badié takèn dateng tijang partikelir (dalasan Pastoer pisar), nanging temtoenipoen takèn dateng Kandjeng Biskop.

Recept²

APOTHEKEN

Rathkamp

& Co. MALIOBORO 15 DJOKJAKARTA.

::: AGENT :::
BOEAT SELOEROEH DJOKJAKARTA.Speda - speda merk :
SIMPLEX Cycloide, S. koening, S. poethi dan SIMPLEX TRANSFER.
HIMA : Wassenaer, Rondrit, Oranje dan Woestduin.
TOURIST : AA dan A.Ada sedia djoega speda merk :
RAY — SWIFT — GRUNO — HUMBER — VIALLE —
BURGERS E.N.R. — KROON — NATIONAL — BERGKONING.
Apalagi sedia djoega speda jang sedikit harganja, moela f 55., f 65., f 75. dengan perkakasna : klinting, pompa, lentera, dan tasch berisi perkakas koentji dan tempat minjak.
Baroe terima per S. S. SLAMET dan JOH. DE WITT speda merk :
ROVER Iperial, Continental, The Rover dan Metallicus.
Ada sedia djoega : Djas hoedjan, Copper, Lentera Stormking, Almari besi dan tjat wenter.PENDJOEALAN A CONTANT ATAU BOLEH DI ANGSOER.
Kalau maoe minta keterangan, akan dikirimi keterangan dengan pertjoema.Mengharap pesenan :
Rijwielenhandel, Reparatie - inrichting dan Smederij :
WIRJOSOESENA

LODJI KETJIL 16 DJOKJAKARTA TELF. NO. 13.

Toekang herlodji
dan Toekang emas.
Adres jang
moerah
DJOKJA **BANDOENG**
Telf. 252 Telf. 226
boeat LONTJENG, HER-
LODJI dan PERKAKAS
EMAS.
Pembatja
SWARA TAMA,
dengan bawa lembaran
Swara Tama
dapat POTONGAN.

SOEMANGGA
sami ngabarna
ing
SWARA-TAMA

AWAS!

Regi mirah ing ngandap poenika :
Loodmenie, moerni tanpa ketjampoeran poenapa-poenapa,
kantong ngoesarakken kémawon :

Netto	10	5	2½	1	½	kilo.
sab-lèg	6,—	3,20	1,75	0,75	0,40	roepijah.

Ijzermenie 85% ijzeroxijde

Netto	10	5	2½	1	½	kilo.
sab-lèg	5,—	2,70	1,50	0,65	0,35	roepijah.

Verffabriek R. B. FRIELING Djokja.

:- HOEKHUIS GONDHOMANAN — SAJIDAN :-

TOKO DJOEN & CO.

TELEF. No. 374.

PATJINAN moeka Toko Fuji DJOKJA.

Amrih soekaning para lengganan,
wiwit sapoenika kita ngwontenaken persénan.
Saben kantongan boeboek saking Djoen wonten
COUPON MAWI REGI.

Srama nglempakken
kantongan dalasan couponipoen,
para lengganan badé angsal pépénginanipoen.
Mangga énggal njobi moendoet!

Kita sedia:
JAVA KOFFIE No. 1 sa-pond f 1.—
ROBUSTA " 1 " " 0,80
" " 2 " " 0,70

Tangel tanpa tjampoeran.
Jén badé njatakan sadérèngipoen kopie mlebet
ing gilingan, kenging.

Atoer hoermat,
Toko Djoen & Co.

Persbureau „AWAS.”

Saking ada - adanipoen para ném-ném sawatawis ing Solo madeg kantor pakabaran nama „Awas” tje-kakanipoen temboeng „Anéka Warta Arian Soerakarta” Persbureau waoe dipoenpangarsani déning sadérèk Roewijaasmara, satoenggiling prijantoon ingkang mentas kondoer saking Digoel. Koela pepoedji sageeda soeboer. Roemijn inggih sampoen wonten pawartos badé wonten kantor kabar katoentoen déning sadérèk Soedéwa, nanging ngantos sapriki inggih namoeng kabar kémawon. Moegi kantor kabar énggal poenika boten namoeng doemoenoeng wonten ing temboeng kémawon, nanging kalampahan sajektos.

Sadérèk „M. Hadisewaja” wiwit njamboet damel kanggé oemoem.

Sadérèk kaseboet nginggil, sa-toenggiling ném-ném ingkang mentas kondoer saking negari asrep, samangké wonten ing Solo, sampoen wiwit njamboet damel kanggé oemoem. Katingalipoen mèndel, nanging sadjatosipoen saweg nolanh-nolih kados poendi saéning lampah. Sapoenikanipoen pandjenenganiipoen dados panoentoening Studieclub kanggé para moeda ingkang sami ngempal wonten ing kepandoean „Morgenster”. Wonten ingrikoe ingkang sampoen koela pireng raoes Katholieke sanget kalebetaken. Kabar akedap engkang pandjenenganiipoen adé ngadani koersoes élmoé panggoela - wentah, koersoes poenika toemrap para Goeroe Katholieke ing Solo. Moegi kersanipoen ingkang loehoer waoe sageed kalampahan.

Djamoer Dipa.

Solo sekedar poenika ramé tjiang rembagan bab djamoer dipa, satoenggiling djamoer saganten ingkang

manawi dipoenkoem wonten ing wé-dang téh, koem - koemanipoen waoe raosipoen ketjoet, manoit tjirosipoen tjiang kenging kanggé djampi. Nanging samangké wonten dawoh tjiang - tjiang dipoenawisi ngombé djamoer dipa poenika djer mbabajani. Kabar - kabar ingkang koela pireng, sampoen wonten tjiang ingkang sakit ladjeng mantoen margi ngombé djamoer dipa. (Jén mantoen sakit margi ngombé djamoer waoe poenika kabcta saking piandelipoen oetaw autosuggestie, awit djamoer panoenggilanipoen poenika katah, wonten ingkang toekoelipoen ing poehan lsp. Red.).

Van Deventer Sala kasoewak.
Gandeng kalijan koerdaning malaise, pam: V. D. ing Sala tjalon kasoewak. Memelas.

Pamoelangan Dagang.

Minangka kanggé pépénget dinten ageng djangkep Dalem I. S. K. Soesoehoenan ngasta poesaraning pradjá Soerakarta, ing Sala tjalon dipoenwonten pamoelangan dagang. Babagan waoe tampi pambijantoe a-geng saking para soedagar bangsa Tionghoa radi boten rémeh njawang kemadjengan waoe. Mémper.

P. G. H. B. Sala sapoenika gadah pakempanal Cooperate.

Narpa Wandawa in actie.

Pakempanal Narpa Wandawa ing Soerakarta adjak² dateng pakempanal² politiek ing Soerakarta perloe ngawontenaken bebadan ingkang kapatah ngrembag kaperloean lokal. Kabaripoen pakempanal poenika énggal badé ngawontenaken pepanggihan.

Pahargan djangkep 40 taoenipoen I.K.S. Kangdjeng Soesoehoenan ngasta poesaraning pradjá Soerakarta.

mBéndjing Januari poenika pan-

djeneng Dalem ingkang Sinoehoen Kangdjeng Soesoehoenan djangkep 40 tahoen anggénipoen ngasta poesaraning pradjá Soerakarta. Gegandéngan kalijan prakawis poenika „Garapbond” Soerakarta ngolemi pakempanal - pakempanal ing Solo saking sadaja bangsa perloe ngrembag kados poendi badé anggén kita ngoendjoekaken kasoegengan saandap Sampéjan Dalem perloe ngoendjoekaken kasoegengan oegi badé njao-saken pepénget, oepami awoedjoed piagam saking slaka kanti dipoen serati nama - namaning pakempanal ingkang sami toemoet. Kanggé kaperloean poenika saben pakempanal koewadibjan oeroen apesiopoeng gangsal roepijah. Pakempanal kita P. P. K. D., K. W. lan W. K. oegi toemoet.

Sesakit pest.**D. martosaken:**

Sesakit pesting bawah ond. - district Toeri Dk. doemoegi sapoenika wonten, mentas poenika tg 1 t/m 4 woelan poenika ing doesoen Nganggring wonten tjiang 2 tiga laré sami kateda ing pest, tjiang waoe sasomah.

Bis djampi boten mlampah.

Margi gendis boten padjeng, pabrik Medari wiwit woelan poenika boten saged nragadi dateng bis djampi saking Petronella ingkang asring andatengi dateng kaonderan Toeri, dados tjiang ngrikoe sapoenika rekaos pikantoeipoen djampi. Mangga sinten ingkang karsa anggadjoeli nragadi bis djampi kaseboet, poenika moerakabi sanget dateng Oemoem.

Selangkoeng taoen ngasta pangröh. (1906 — 1931).

Wiwit dinten 17 Dec. poenika astana Pakoealam mèngeti Z. H. Pakoealam VII anggénipoen ngasta pangröh sampoen djangkep selangkoeng taoen.

Timoeripoen asma Bendara Radén Mas Soerardja. Bakda tamat sinaoe ing H. B. S. Semarang ladjeng ne-roesaken dateng Gymnasium Willem III ing Betawi. Dados Kangdjeng Goesti Pangéran Arija Pakoealam VII poenika satoenggiling zelfbe-stuurder ingkang sampoen naté gesokan kalijan koeltoer Kilénan.

Ing dinten poenika pandjenenganiipoen angsal bintang „Commandeur van de Orde Oranje Nassau”. Poenika pangkat loehoer sanget!

Kita memoedji: ad multos annos! Moegi pinandjangna!

poen wadya bala Tionghwa kalijan wadya bala Djepang sami saëstoe drél - drélan; kita Tsjintsjaw kada-tengen student 2.000 saking univer-siteit Nanking, ingkang tjirosipoen sagah dados saradadoe perloe anggoes tjiang Djepang saking ba-wahan Tiongkok.

Nanging ing Tiongkok pijambak ingkang wonten kabar, jén regeering kekalih waoe sampoen wawoeh, nanging dèréng saged kalampahan manoenggil sajektos. Djalaran Kanton neda, soepados Tsjiang Kai Sekj lèréha saking klenggahanipoen. Lan sapoenika manoit tilgram 15 Désember Tsjiang Kai Sekj jektos njeléhaken klenggahanipoen. Nanging manoenggil poenika poenapa badé nglereken tjetjengkrahan-ipoen ing Tiongkok pijambak, poenika dèréng kantenau! Lan poenapa poenika badé andjalari bedaméni-ipoen kalijan Djepang, poenika malah saja dèréng kantenanipoen sanget!

Lan ing Djepang oegi wonten lelampahan manoenggil: regeering santoen énggal. (Keizeripoen taksib tetep, lol). Ingkang dados minister president Sapoenika: Inoekai. Regeering lami ketingal sanget boten moepakatipoen kalijan tradjang-ipoen wadya bala Djepang ing Mandsoerij, ingkang dipoenpenggengi djéndral Honjo. Regeering lami sanget anggénipoen ngoedi soepados bedaméni kémawon; mawi ngag-agagi njoeoen kendl poenapa. Lan djéndral Honjo inggih sampoenaté njoeoen kendl, margi boten tjetjeng kalijan politikipoen regeering lami waoe. La, sapoenika kados poendi kadadosanipoen? Regeering dipoen-gantos(minister mantja negari gantos), nanging djéndralipoen Honjo taksih tetep! Dados ing kalangan Djepang sapoenika badé wonten tradjang kempleng, watak kamili-teran boten badé kerigong!

Niting ngontoripoen bangsa Tionghwoa dateng bangsa Djepang (ing djaman oedreg-oedregan poenika, lo) lan nitik badé kemplenging tradjang kamilitaran ing Djepang, poenapa badé énggal wonten bedaméni? Sinten ingkang wani nginggihi? Jén énggal wonten bedaméni, bokmanawi poenika margi kepeksa ngetjakan patokan lepat: „recht van het sterkste — sapa sing rosa déwé, ija ikoe sing bener.”

Éwasemanten ing Volkenbond poetenanipoen Raad sami dipoen-moepakati. Namoen kémawon we-wakil Djepang neda, soepados paragraaf 2 sampoen ngalang-alangi tradjangipoen militér Djepang anang-goelang para bandiet tjiang awon ing Mandsoerij, ingkang adamel ris-saking kawoela Djepang. Wewakil Tiongkok mrotest dateng paneda poenika, — poenapa poenika boten badé dadas winih pasoelajan malih? — nanging tjiros, jén Tiongkok badé netepi koewadibjanipoen ing sasaged-sagedipoen. Briand, pangarsaning

Raad gadah oetoet, jén prakawis Mandsoerij sapoenika badé saged katata kanti sakéta. Makaten poenika mila kaadjeng-adjeng sanget! ÉROPA?

Politik économie lan finacie, sapoenika niopen saweg dados rembag ramé. Déné ingkang dipoenpandeng langkoeng - langkoeng sesambatanipoen Djerman kalijan Prantis.

Djerman mila sampoen déjek-déjek jektos. Samboetanipoen dateng mantja kémawon sampoen wonten: 24.400 miljoen M. Taen ngadeng pantjéniopen kedah nitil: 2.000 miljoen M. Poenapa badé saged ambajar sadaja?

Dr. Brüning tjiros ngéglia, jén Djerman sampoen boten saged neroesaken mbajer samboetanipoen kangé nglintoni (herstel-betalingen). Malah saweg mentas poenika ing Djerman wonten Prenaten peksan énggal (noodwet). ingkang manoit kateranganiopen Dr. Brüning pijambak ngeurut; njoe-da blanda, nginggahaken paos, ngedakaken tarip seoper, tilpon, post, elektris, gas lan sraha kangé késahan.

Korat - kariting Djerman poenika ladjeng kangé dadakan déning sakabatipoen Moscou kangé ngwontenaken:

Aksi anti wihera. ing Sepanjol wihera pinten-pinten kémawon ingkang sampoen kabesé déning tjiang „mata gelap” lan para kominis. Sapoenika ing Djerman oegi wonten aksi anti wihera, mawi njebar vluugschrift poenapa. Nanging kadang Katoelik boten ketlopén ladjeng njebar brosoer (brochure) „Die Klöster brennen” wonten poendi-poendi. Ing brosoer waoe pandakwanipoen te-kaang ngiléni ra'iat dipendorakaken kanti tjeta wéla-wéla. Para K. Biskop ing Beieren sami anggoegah tjiang Katoelik soepadowsi goemrégh andjagi wihera - wihera. K. Kardinal Dr. Schulte. Maha-Biskop ing Keulen, njerat dateng para klérehanipoen: „ing wekdal kados makaten poenika djoernalistik Katoelik koewadibjan sanget nedaken ra'iat dateng jejasan-jejasan lan penda-melan-pendamelan ingkang tanpa tanding madeg lan dadosipoen saking wihera kita. Saben tjiang kedah soemerep, jén tjirosipoen para kominiis ing ngatasipoen wihera poenika mleset sanget kalijan kanjatahanipoen.”

NEDERLAND.

Kangé noeloengi tjiang pengangoer. Saking ada-adanipoen Prinses Juliania ing Nederland sampoen saged madeg Nationale Comité kangé noeloengi tjiang boten gadah pandamelan, ingkang tjiatjaihipoen mila saja dangee saja katah. Comité waoe saking poendi - poendi angsal pambantoe. Kawon-tenanipoen tjiang pengangoer ing ngrika poenika pantjen langkoeng anggegiring ti-nimbang kalijan ngriki, langkoeng-langkoeng ing mangsa badideng (winter). Sinten ingkang poereno anggaga bab poenika sakedap kémawon mesti ladjeng trenjoch manahipoen; saja malih jén prijantoe poetri. Amila sampoen samestinipoen, jén Prinses Juliania ladjeng toemandang.

R. K. Vrouwenbond ing Nederland mangih akal énggal kangé noeloengi tjiang Katoelik ingkang boten gadah pandamelan. Akal-akal waoe boten namoeng moerakabi kangé djasmanipoen, nanging oegi kangé rohanenipoen, i. p. brajet Katoelik kedah ngadjengkan malih bab ngwontenaken kerstribetje wonten ing grijaniopen pijambak-pijambak. Ingkang poenika R. K. Vrouwenbond waoe ladjeng sami akal dateng brajet Katoelik, soepadowsi damela, lan kapatajaka oegi wonten ing grijaniopen, kerstribetje kangé mangsa Kerstmis (Désember) poenika. Nanging sadérèngipoen kapataj kaladosna roemijin dateng Comité badé dipoen - tentoonstelling aken roemijin, lan badé angsal pris awoedjoed sandangan lan teda. Bab nglairaken caritas wanita poenika mila wasis sanget!

ITALI.

Mahatma Gandhi sapoenika sampoen manok dateng India-Ingris. Mantoekipoen wa-e mawi medal Roem. Wonten ing ngrikoe kendl kalih dinten. Pijambakipoen oegi ke-panggih kalijan K. Santo Bapa. Kados poendi poenika kelampahanipoen doemoegi sapoenika mil